



Aplikasyon pou IDNYC



KALITE APLIKASYON AN - CHWAZI YOUN

Premye Aplikasyon (gratis) **Re-aplike (ou te aplike men ou pa t janm resevwa kat la; gratis)**

Chanjman Enfòmasyon nan Kat (Ou dwe pote kat IDNYC ekspire ou nan Sant Enskripsyon pou chanjman non oswa adrès ou.)

Kat ki Pèdi / yo Vòlè / ki Domaje (Ranplasan pou kat ki pèdi, yo vòlè, oswa ki domaje disponib sèlman nan Sant Enskripsyon Depatman Finans IDNYC (IDNYC Department of Finance Enrollment Centers). Gen yon frè \$10 dola pou peye sof si moun ki aplike a siyen yon egzanspsyon frè a akòz sitiyasyon difisil.)

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

1. Prenon (yo):

2. Non Fanmi (yo):

3. Tout lòt non (yo) ou itilize: _____

4. Adrès: NIMEWO, RI Apt. # / Fl. / Ste. / Unit / Rm.

Vil: Eta: Kòd Postal:

Minisipalite (✓ chwazi youn): BRONX BROOKLYN MANHATTAN QUEENS STATEN ISLAND

5. Sèks: FANM GASON PA ENDIKE 6. Dat Nesans: / /

7. Koulè Zye: MAWON NWAZÈT NWA BLE VÈT GRI MILTI-KOULÈ 8. Wotè: PYE POUS

9. Telefòn: - - 10. Adrès imèl: _____

VETERAN

Tcheke la a si ou se yon veteran ki te sèvi nan Fòs Lame Etazini, Lagad Nasyonal, oswa Rezèv epi ou ta renmen gen "Veteran" enprime devan kat la. _____ (inisy) Mwen bay otorizasyon pou IDNYC divilge non mwen ak nimewo IDNYC mwen ba enstitisyon, tankou konpayi prive, pou ede mwen kalifye pou anpil divès avantaj, tankou men pa sèlman, rabè nan Avantaj Veteran mwen ka gen dwa pou resevwa kòm yon moun ki gen kat IDNYC ki gen Deziyasyon Veteran (pa obligatwa).

KONFIMASYON

11. **KONFIMASYON:** Mwen konfime m ap viv nan Vil New York; mwen gen omwen laj 14 zan; epi tout dokiman mwen soumèt yo ak deklarasyon mwen bay sou aplikasyon sa a se dokiman ak deklarasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen. Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime mwen dakò avèk yon ankèt Minisipalite Vil New York fè pou verifiye oswa konfime enfòmasyon mwen soumèt yo. Si mwen te aplike pou yon kat IDNYC anvan, epitou si mwen te resevwa youn, mwen konfime kat orijinal la te ekspire, pèdi, yo te vòlè li oswa li te domaje.

_____ SIYATI MOUN KI APLIKE A / /

LANGAJ

PA OBLIGATWA (konplete sèlman enfòmasyon ki pi ba si ou vle yo parèt sou kat la)

12. Lang ou Pi Pito (osi byen ke ASL): _____

DON ÒGÀN AK TISI

13. **Rejis Donate Life:** Pou enskri nan Rejis Donate Life Depatman Sante Eta New York [New York State Department of Health (NYS DOH)], tcheke kare "wi" epi siyen non ou. Ou konfime ou gen laj 18 ans oswa plis; ou bay konsantman ou pou fè don tout ògàn ak tisi ou yo pou transplantasyon, rechèch, oswa toulède; ou bay Minisipalite Vil New York otorizasyon pou transfere non ou ak enfòmasyon ki identifiye ou ba NYS DOH; epitou bay NYS DOH otorizasyon pou bay aksè nan enfòmasyon sa yo pou òganizasyon don ògàn ki sou kontwòl gouvènman federal ak bank tisi ak zye ak lopital ki gen lisans Eta New York, lè ou mouri. "Organ Donor" (Donè Ògàn) ap enprime devan IDNYC ou. Pou kalifye, IDNYC ou dwe gen yon adrès ladan. W ap resevwa lòt enfòmasyon nan NYS DOH, k ap bay yon posiblite pou limite don ou.

Èske ou gen laj 18 tan oswa plis, epitou èske ou ta renmen nou mete non ou nan Rejis Donate Life? Wi: / /

SIYATI POU KONSANTMAN DONÈ A: _____

KONTAK SI TA GEN LJANS

14. Chwazi yon Kontak pou ljans pou mete sou Kat la: _____ Telefòn: - -

PRENON NON FANMI

N ap apwouve aplikasyon ou pou IDNYC si kantite dokiman ou soumèt yo ase ak lejitim.

OFISYÈL SÈLMAN KI DWE UTILIZE	Dat la: _____	<input type="checkbox"/> C/O: _____	LL Telefòn: <input type="text"/> - <input type="text"/> - <input type="text"/>
	Ekri Inisyal yo an Lèt Detache: _____	<input type="checkbox"/> Pa Mete Adrès la	NON ÒGANIZASYON SWEN AN

Enstriksyon konsènan Aplikasyon pou IDNYC

OU DWE SATISFÈ KRITÈ KI ENDIKE ANBA LA YO POU APLIKE POU YON KAT IDNYC:

1. Omwen 4 pwen nan dokiman ki gen omwen 3 pwen ki pwouve idantite ou ak omwen 1 pwen ki pwouve adrès ou.
2. Omwen 1 nan dokiman ou soumèt yo dwe gen yon foto, sof si moun ki aplike a akonpaye avèk yon moun k ap pran swen li.
3. Omwen 1 nan dokiman ou soumèt yo dwe gen dat ou fèt.

Nou p ap aksepte dokiman ki ekspire, sof sa nou endike nan Gid Dokiman IDNYC.

N ap aksepte dokiman orijinal ak kopi ki sètifye nan ajans ki bay yo; n ap aksepte dokiman plastifye sèlman si se konsa ajans la bay yo.

KONSISTANS NAN NON

IDNYC ap aksepte dokiman ki gen non ki konsistan youn avèk lòt. Kat IDNYC ap gen non an jan li endike nan dokiman prèv idantite ou ki gen pi gwo valè (tankou paspò ou, lisans chofè ou, batistè ou, ID konsilè ou, elatriye), sof si ou prezante tou yon lòd tribinal pou chanjman non, sètifika maryaj, oswa yon lòt dokiman gouvènman an bay ki detèmine yon chanjman non legal. Sizoka yon moun ki aplike prezante de (2) dokiman idantite ki vo yon kantite pwen egalego, aplikasyon pou IDNYC dwe montre non ki nan dokiman ki gen yon foto.

EGZIJANS KONSÈNAN LAJ

Laj minimòm pou aplike pou yon kat IDNYC se 14 zan. Moun ki aplike ki gen laj 14 zan ak plis ka aplike san yon responsab legal oswa san yon moun k ap pran swen yo.

MOUN KI APLIKE KI GEN LAJ 14-21 ANE EPI KI PA GEN IDANTIFIKASYON KI GEN FOTO OSWA PRÈV ADRÈS

Yon moun ki aplike ki gen laj 14-21 ane epi ki pa gen idantifikasyon ki gen foto oswa prèv adrès ka aplike si li akonpaye avèk moun ki pran swen li epi ki montre prèv sa li ye pou moun ki aplike a. Yon moun k ap bay swen ki kalifye se yon paran byolojik, paran adoptif, boparan, responsab legal, gadyen legal, paran paran pa ranplasman, yon anplwaye otorize Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children Services, ACS) Vil New York oswa yon ajans swen nan fanmi plasman ACS, oswa yon adilt ki sipòte yon timoun minè, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services) Etazini, Biwo Re-entegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) deziyen.

MOUN KI APLIKE KI ANDIKAPE EPI KI PA GEN IDANTIFIKASYON KI GEN FOTO OSWA PRÈV ADRÈS

Kèlkeswa laj la, yon moun ki aplike ki andikape epi ki pa gen idantifikasyon ki gen foto oswa prèv adrès ka aplike si li akonpaye avèk moun ki pran swen li epi ki montre prèv sa li ye pou moun ki aplike a. Moun k ap pran swen moun ki aplike a, ki kalifye epi ki gen nenpòt laj enkli: **anplwaye otorize** nan Biwo Eta New York pou Moun ki Gen Reta nan Devlopman yo (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD), Depatman Sante Eta New York (NYS Department of Health, NYS DOH), Biwo Sante Mantal Eta New York (New York State Office of Mental Health, NYS OMH), Depatman Sante ak Sante Mantal Eta New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene, NYC DOHMH), ACS, yon ajans plasman nan fanmi akèy ACS, oswa yon founisè OPWDD, DOH Eta New York oswa DOHMH Vil New York, enkli **anplwaye sant swen sante rezidansyèl** OPWDD, OMH Eta New York, DOH Vil New York oswa DOHMH Vil New York opere, sètifye oswa finanse; **moun ki abite nan menm kay avèk moun ki aplike a** epi OPWDD te detèmine se yon moun ki gen yon reta nan devlopman l; oswa yon **Benefisyè Repezantan Sekirite Sosyal moun ki aplike a**.

TOUT MOUN KI APLIKE AVÈK YON MOUN K AP PRAN SWEN YO

Yon moun ki aplike avèk yon moun k ap bay swen dwe bay omwen 2 pwen nan dokiman ki pwouve idantite li, enkli dat li fèt. Moun ki aplike a ak moun k ap pran swen li dwe bay tou prèv Relasyon Moun k ap Bay Swen an jan sa endike nan seksyon Gid Dokiman IDNYC moun k ap bay swen. Moun k ap pran swen an dwe bay omwen 3 nan pwen dokiman ki pwouve idantite li, tankou idantifikasyon ki gen foto li. Si moun ki aplike a pa kapab bay yon prèv dokiman adrès, moun k ap bay swen an ka detèmine adrès li avèk youn nan prèv dokiman adrès ki endike nan Gid Dokiman IDNYC, epitou li dwe bay yon atestasyon ki endike moun ki aplike a ap viv avèk moun k ap bay swen an.

ADRÈS POU MOUN KI APLIKE KI SE SANZABRI OSWA VIKTIM VYOLANS NAN KAY

Tout moun ki aplike pou IDNYC, sof moun ki pa gen yon adrès kay ak sivivan vyolans nan kay, gen obligasyon pou bay adrès kay yo. Yon moun ki aplike k ap viv nan yon abri pou sanzabri kapab bay yon lèt ki gen adrès abri a, ki endike li t ap viv ladan pandan omwen 15 jou epi abri a pèmèt rezidan yo rete nan adrès la pandan omwen 30 jou. Yon moun ki aplike ki pa gen yon adrès kay oswa ki se yon viktim vyolans nan kay gen obligasyon pou pwouve adrès kay li andedan Vil New York, men li ka chwazi yon òganizasyon non-komèsyal oswa yon enstitisyon relijye ki gen adrès li k ap parèt nan kat la kòm adrès pou korespondans moun ki aplike a. Nan sèten sikonstans, kat IDNYC ki pa etale yon adrès, osinon ki etale yon adrès pou korespondans ka pa akseptab.

Nou pa aksepte bwat postal sof si moun ki aplike a bay prèv ki endike li fè pati nan Pwogram Konfidansyalite Adrès Eta New York oswa si l ap viv nan yon abri Vil New York pou moun ki viktim vyolans nan kay.

DEZIYASYON VETERAN

Si ou se yon Veteran Etazini ou kapab gen "Veteran" enprime devan kat IDNYC ou. Pou aplike, ou bezwen yon orijinal oswa yon kopi sètifye youn nan dokiman ki endike nan seksyon Prèv Kondisyon Veteran nan Gid Dokiman IDNYC. Si ou bezwen èd pou jwenn prèv sèvis militè ou, Biwo Majistra a pou Afè Veteran kapab ede ou. Ou kapab kontakte yo sou entènèt sou sitwèb www.nyc.gov/veterans, oswa ou kapab rele nimewo 212-442-4171.

KAT RANPLASMAN

Yon aplikasyon pou yon kat ranplasman poutèt kat la pèdi, poutèt yo vòlè kat la, oswa poutèt kat la domaje gen yon frè \$10 dola pou peye, sof si moun ki aplike a siyen yon egzansyon frè a akòz sitiyasyon difisil. Kat ranplasman yo disponib sèlman nan Sant Enskripsyon Depatman Finans IDNYC.